# Социаллық тармақлардың биринде “Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары қабыллаўы өз ўақтында өткерилмей атыр” атамасында пост жәрияланды




Ел басшымыз тәрепинен пуқараларымыздың мүрәжатларын тыңлаў, машқалаларын анықлаў ҳәм оларға унамлы шешим табыў, сондай-ақ бүгинги күнинен ыразы қылыў ҳәр бир басшының баслы ўазыйпасы етип белгилеп берилген.

Сондай-ақ, Министрлер Кеңеси Баслығы ҳәм оның орынбасарлары, соның менен бир қатарда, тийисли тараў басшылары районларға шығып, мәҳәллелерде жүрген ҳалда машқалаларды пуқаралар менен жүзбе-жүз сәўбетлесиў арқалы анықламақта.

**Ҳәр бир басшы пуқараларды кабинетте отырған ҳалда емес, ал, мәҳәллелерге барып, пуқаралардың мүрәжатын тыңлаў ҳәмде узағын жақын қылыў баслы ўазыйпа етип белгилеп алынған.**

Соны да қосымша атап өтиўимиз зәрүр, Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары районда болған ўақытларында **“Мүрәжат қабыллаў бөлими”** ҳәмде **секретариат баслықлары** тәрепинен пуқаралардың мүрәжатлары тыңланбақта ҳәмде машқалалары тийисли мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкемлер менен биргеликте үйренилип атыр.

Министрлер Кеңесине келип түскен ҳәр қандай мүрәжат ***(исеним телефоны 61 222-26-14, жазба ҳәм аўыз еки)*** Министрлер Кеңесиниң Баслығы Ф.Эрмановтың жеке қадағалаўына алынған ҳәмде мүрәжатлер ҳәр ҳәптениң Дүйшемби күни көрип шығылады.

Соның менен бир қатарда, Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары Н.Ерлепесов тәрепинен **Жума** күни ҳәптелик хат ҳүжжетлер ҳәм мүрәжатлар сын көзқараста көрип шығылады ҳәм де тийисли илажлар көриледи.

Буннан тысқары, Министрлер Кеңеси жанында **“Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы мәҳәллелерде системалы машқалаларды анықлаў, бүгинги күнге шекем өз шешимин таппай атырған ҳәм халық кейпиятына кери тәсирин көрсетип атырған машқалалардың унамлы шешимин табыў ушын арнаўлы ШТАБ”** шөлкемлестирилген.

Буннан көзленген мақсет, мәмлекетлик органлар менен ҳалық арасында ашық-айдынлықты жолға қойыў, машқалаларды анықлаў, мүрәжатлардың нызамлы ҳәм сапалы көрип шығылыўын тәмийинлеўде әҳмийетли механизмди жолға қойыў нәзерде тутылған.

**Мағлыўмат ушын арнаўлы штаб номери: (61 222-13-46)**